



Pouvwa Espò Inifye

Chè Nouyòkè,

Opòtinite pou jwe nan yon ekip espò se yon desizyon enpòtan nan eksperyans konplè lekòl la. Se yon aktivite ranfòsman pou fè nouvo zanmi, devlope kapasite pou travay ann ekip ak devlope lidè. Jwe nan yon ekip tou fè lekòl la vin yon espas ki pi pozitif, enklizif pou tout elèv yo.

Mwen konnen anpremye lajwa ak konfyans ki soti nan fè espò. Basketball, baseball, football, ak tenis te reprezante yon gwo pati nan lavi mwen lè m t ap grandi nan Queens. Mwen te toujou kontan lè apremidi ak wikenn lè frè m ak timoun yo nan katye a te konn ale jwe basketball ak football epi jwe avèk touch de men yo nan blòk mwen an. Fè espò te ban mwen ladrès ki gen anpil valè nan lavi—epi mwen kwè tout elèv nou yo merite opòtinite sa yo. Malerezman, se pa toujou ka a; yo konn mete deyò anpil elèv ki gen andikap nan espò lekòl la dapre tradisyon an. Jiska prezan! Nan kòmansman semèn sa a, Majistra Adams ak mwen te kontan anonse plis pase 1,700 elèv ki gen andikap ka kounye a patisipe nan track and field, volleyball ak basketball olenmpik espesyal pandan jounen lekòl yo. Y ap ouvè yon lig baskètbòl inifye apre lekòl pou yon lòt 200 elèv lekòl segondè ki genyen oswa ki pa gen andikap, alòske 300 elèv lekòl presegondè ki gen andikap oswa ki pa gen andikap ka patisipe nan yon lig bocce inifye.

Mwen rekonesan espesyalman pou patnè nou an, Special Olympics New York, paske li te bay \$50,000 nan finansman, sipòte fòmasyon edikatè ak antrenè, epi bay ekipman espò ak inifòm ekip. Atravè patenarya sa a, nou ka kounye a asire aksè nan espò Special Olympics nan tout lekòl Distri 75 yo. Sa a pral vrèman yon inovasyon (pun intended!) pou elèv nou yo.

Agrandisman istorik sa a di elèv yo, fanmi yo, ak edikatè yo ke nou wè w—nou swete yo byenveni, ba w valè, ak sipòte w nan tout fason nou kapab, andedan ak andeyò salklas. Mwen fyè pou fason lidè nou yo wè inovasyon ak louvri pòt opòtinite, epi mwen espere nouvo inisyativ nou an fè nou yon modèl nan enklizyon ak aktivite ranfòsman ki enteresan. Epi sa ki pi enpòtan an, mwen kontan li ba chak elèv chans pou devlope kapasite yo bezwen pou gen siksè nan lekòl ak lavi.

Plane wo,

David C. Banks
Chanselye

Yo pwolonje delè pou Sondaj Lekòl Vil Nouyòk

Si w poko ranpli Sondaj Lekòl Vil Nouyòk ane sa a, nou gen kèk bon nouvèl. Yo pwolonje delè a pou **20 avril**! Bon jan opinyon paran yo enpòtan anpil pou ede lekòl yo prepare pou pwochen ane lekòl la. Tanpri pran yon moman pou ranpli sondaj la nan [NYCSchoolSurvey.org](https://www.nycschoolsurvey.org)?

Videyo Rezime Semèn lan



Men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Pou soutit ki tradui: Klike sou icon "CC" a. Klike sou icon "Setting" lan epi chwazi "Subtitles / CC". Chwazi "Auto-translate" epi chwazi lang ou an.

Si w pa vle resevwa mesaj imèl you PS+You yo ankò, tanpri [pa abone \(unsubscribe\)](#).